


# Si oumenm oubyen yon moun ou konnen gen yon chòk twomatik nan sèvo (TBI), nou ka founi

- Enfòmasyon e referans
- Pledwaman
- Reprèzantasyon jiridik

Sèl moun ki gen andikap admisib pou sèvis nou yo. Sepandan, nenpòt moun gendwa kontakte avèk Disability Rights Florida pou jwenn enfòmasyon e referans sou sa ki konsène TBI e andikap.

Disability Rights Florida te fonde nan lane 1977 antan yon sistèm deziye pou pwoteksyon e pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) pou moun leta Florida ki gen andikap. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, e reysisit moun ki gen andikap.



**Disability Rights**  
**FLORIDA**

ADVOCACY. EQUALITY. DIGNITY.

Disability Rights Florida se yon òganizasyon san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, monte nan [www.DisabilityRightsFlorida.org/funders](http://www.DisabilityRightsFlorida.org/funders). Enfòmasyon ki founi la pa yon reprèzantasyon e konsèy jiridik.

**Disability Rights Florida**

2473 Care Drive, Suite 200  
Tallahassee, Florida 32308

800-342-0823 | TDD: 800-346-4127

[www.DisabilityRightsFlorida.org](http://www.DisabilityRightsFlorida.org)



# Chòk twomatik nan sèvo

Men kijan n ka ede moun ki gen yon chòk twomatik nan sèvo



**Disability Rights**  
**FLORIDA**



## Kisa ki rele yon TBI?

- Yon chòk twomatik nan sèvo (Traumatic Brain Injury, TBI) se yon kou, yon soukous nan tèt, oubyen lòt blesi nan tèt ki pètibe sèvo a.
- Chak lane, gen plis pase 1.5 milyon moun nan peyi Etazini Damerik ki gen yon chòk nan sèvo ki gendwa ant pèdi konesans pou yon ti tan jouk nan koma pou anpil tan.
- Kèlkeswa jan li grav, TBI ka aji sou kapasite yon moun pou l fonksyone yon jan otonòm lakay, nan lekòl, oubyen nan travay.
- Blesi a gendwa aji sou aspè nan lavi yon moun : panse, langaj, aprantisaj, emosyon, konpòtman, e/oubyen sansasyon.
- TBI gendwa lakòz ositou malkadi e kapab fè ou gen plis chans pou gen lòt twoub nan sèvo.



## Ki lè pou w kontakte Disability Rights Florida pou w jwenn èd:

- Si w viktim diskriminasyon poutèt yon TBI.
- Yo refize ba ou Medicaid, sèvis nan pwogram pou domaj nan sèvo e mwèl epinyè, sèvis egzansyon poutèt TBI, oubyen lòt benefis deta oubyen federal.
- Si, poutèt yon TBI, ou bezwen fòmasyon pou w jwenn yon anplwa oubyen yo refize ba ou amenajman nan rechèch anplwa w ap fè oubyen nan anplwa ou gen alèkile.
- Pitit ou te gen yon chòk nan sèvo e l pa byen travay lekòl.
- Ou bezwen amenajman kote w ap viv, teknoloji dasistans oubyen lòt kalite sèvis pou w gen yon lavi pi otonòm oubyen pou rete nan kominote a.
- Ou bezwen resous oubyen enfòmasyon sou teknoloji dasistans, oubyen sou lòt kalite sèvis pou w gen yon lavi otonòm.
- Ou rete nan yon etablisman e w kwè y ap fè enfraksyon dwa ou yo.
- Ou rete nan yon etablisman e w ta renmen rete nan kominote a.
- Oumenm oubyen yon moun ou konnen nan prizon, kazèn, oubyen nan yon lòt etablisman e pa resevwa sèvis medikal oubyen lòt sèvis nesèsè poutèt yon chòk twomatik nan sèvo.

## Kontakte Disability Rights Florida

Lè w rele n premye fwa, yon espesyalis nan admisyon pral mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm e yon rezime sou pwoblèm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt apre pou yo ka revwa. Sèvis nou yo gratis e konfidansyèl.

**KOUTFIL GRATIS:** 800-342-0823

**TDD:** 800-346-4127

**ANLIY:** [DisabilityRightsFlorida.org](http://DisabilityRightsFlorida.org)

